



EDIKASYON PASYAN AK MOUN K AP BAY SWEN

Radyoterapi pou Soulaje Doulè

Enfòmasyon sa yo eksplike sa ki pral pase pandan simulasyon radyoterapi pou soulaje doulè a ak tretman yo. Epitou, yo eksplike efè segondè ou ka genyen.

Anvan simulasyon w lan

Retire aparèy yo sou po ou

Yo gendwa mete kèk aparèy sou po ou. Anvan simulasyon oswa tretman w lan, fabrikan aparèy yo konseye w retire sou po ou:

- Glikomèt pèmanan (continuous glucose monitor, CGM)
- Ponp ensilin

Si w itilize youn nan sa yo, mande radyo-onkològ ou a si ou dwe retire li. Si w itilize youn, asire ou pote yon aparèy anplis pou w mete sou ou apre simulasyon oswa tretman ou an.

Ou ka pa konnen fason pou w jere glikoz ou pandan aparèy ou a fèmen. Si se sa, anvan randevou w la, pale avèk pwofesyonèl swen sante k ap jere dyabèt ou a.

Pandan simulasyon w lan

Simulasyon (ki rele seyans planifikasyon tou) se yon demach pou planifye radyoterapi ou yo. Yo fè li pou planifye kote ou ap fè tretman an, asire w resevwa dòz (kantite) reyon ki apwopriye a, epi limite kantite reyon ki ale nan tisi ki toupre yo.

Pandan simulasyon w lan, nou ka fè yon moul pou yon pati nan kò ou (gade

Imaj 1 an).

Imaj 1. Egzanp moul radyoterapi



Imaj 1. Egzanp moul radyoterapi

Ou ap itilize moul la pandan similasyon w lan ak tout tretman ou yo pou ede w rete an plas epi asire w rete nan menm pozisyon an chak fwa. Pou fè moul la, sa ap pran anviwon 15 minit.

Pandan tretman ou an (yo)

Yon manm pèsonèl la ap mennen ou nan sal tretman an. Lè w rive, radyoterapet la ap resevwa w epi li ap ede w monte sou tab tretman an (gade Imaj 2 a). Li pral mete w nan pozisyon egzakteman fason ou te ye pandan similasyon w lan. Apresa, tretman w lan ap kòmanse.

Ou ap nan sal tretman an pandan 15 a 90 minit, selon plan tretman w lan. Li ap pase pifò tan sa a nan asire li ou nan bon pozisyon an. Radyoterapet la pral fè antre soti nan sal la, men li ap kapab wè w ak tandè ou pandan tout tan tretman an ap fè.

Efè segondè

Li posib pou w gen kèk efè segondè pandan w ap fè tretman yo oswa apre w fin fè yo. Efè segondè ou genyen an (yo) depannde kote nan kò ou w ap fè tretman an. Si w genyen efè segondè, asire w di yon moun nan ekip radyoterapi w la sa. Nou ap ede w jere yo.

Yon moun nan ekip radyoterapi w la ap koche kaz ki toupre efè segondè ou ka genyen yo pandan w ap fè tretman an oswa apre w fin fè li.

- ☐ **Anvi vom** **oswa vomisman**: Anvi vom an se lè w santi w ka vom. Ou ka gen anvi vom, vomisman, oswa toude pandan tretman w lan. Nou gendwa preskri ou medikaman kont anvi vom an pou anpeche sa rive. Ou ap pran medikaman an 30 minit anvan w fè chak tretman.
- ☐ **Ezofajit**: Ezofajit se lè ezofaj (tiyo manje) ou irite oswa anfle. Li kapab fè w gen difikilte pou w vale oswa doulè lè w vale. Si ezofaj ou twouve li nan zòn kote w ap fè tretman an, ou ka gen ezofajit apati anviwon yon (1) semèn apre w fin fè tretman an. Ezofajit la kapab dire jiska yon (1)

semèn. N ap di w fason pou w jere li.

- **Chanjman nan poupou:** Pandan w ap fè tretman an, poupou ou ka vin pi mòl oswa ou ka poupou pi souvan pase jan w abitye poupou a.
- **Reyaksyon sou po:** po ou gendwa vin wòz oswa bwonze nan apeprè 2 a 3 semèn tretman. Ofiyamezi ou ap kontinye tretman an, li ka vin wouj vif oswa fonce anpil. Epitou, ou ka santi li blanch epi ap grate ou epi li ka fè kal. Ou ka sèvi ak losyon pou po blanch (tankou Eucerin®) pou ede kenbe li idrate. Lè w mete krèm solèy pou pwoteje po w kont solèy la, sa ap itil tou. Reyaksyon sou po sa yo ap kòmanse amelyore tikal pa tikal apeprè 3 oswa 4 semèn apre w fin fè tretman an.
- **Epizman:** Epizman an se lè ou santi ou fatigue oswa fèb, ou pa vle fè anyen, ou pa kapab konsantre, oswa ou santi ou lan. Epizman an kapab kòmanse tou piti epi li vin grav. Ou gendwa vin gen epizman pandan oswa apre tretman an, epi li ka dire 6 semèn a yon (1) lane apre w fin fè tretman an.
- **Pouse doulè ak anflamasyon nan zòn kote ou ap fè tretman an:** Pouse doulè a se lè doulè a ogmante pou yon ti moman. Kote yo ap fè tretman ka vin anfle oswa li ka vin gen doulè pandan w ap fè tretman an. Nou gendwa preskri w medikaman pou pèmèt ou jere sa.

Dat similasyon an: _____

Dat tretman an kòmanse: _____

Enstriksyon pou medikaman: _____

Pou w jwenn plis resous, ale sou www.mskcc.org/pe pou w fè rechèch nan bibliyotèk vityèl nou an.

Palliative Radiation Therapy - Last updated on January 6, 2021

Se Memorial Sloan Kettering Cancer Center ki posede ak rezève tout dwa yo